



HARVARD
heroes



Erin Ringuette

eringuet@hsph.harvard.edu

617-432-7448

Gere Pwogram Ewo Harvard sou Kanpous Harvard nan
Longwood



Pwogram Ewo Harvard la ap fèt chak Prentan pou rekonet ak selebre anplwaye ki travay trè byen nan chak pati nan Harvard.



Patisipasyon Ewo Harvard la konpletman
volontè.

Ou kapab chwazi tou pou nomine san pyès
moun pa konnen.



Men kijan pou nomine:

- Ranpli yon [fòm nominasyon nan entènèt](#)
 - Pran yon papye fòm nominasyon an nan [Sèvis Pèsonel la](#)
- Pou jwen èd pou ranpli papye fòm nominasyon an kite yon mesaj pou Erin Ringuette 617-432-7448. Yon moun kabap gade fòm nominasyon an avèk ou epi ede-w ranpli-l. Nou kapab jwenn yon moun pou tradwi li pou ou tou si ou ta pi konfòtab pou ranpli-l nan pwòp lang natif natal pa-w.



Krite Elijibilite

Administratif/pwofesyonel, sipò ou sèvis ak manm pèsonel teknisyen yo ki gen omwen yon ane nan benefis ki kalifye pou sèvis yo kapab nome kòm Ewo nan Harvard.



Lè wap nomine yon moun ou dwe rasire-w pou eksplike nan nominasyon an ki sa ki fe koleg ou a merite pou yo konsidere li yon Ewo Harvard

- Revize Ewo Harvard la nan [Seleksyon Kritè a](#) e panse a lòt bagay anplis moun sa a fè ki lakoz gwo rezilta sa yo.
 - Kisa ki fè moun sa a anfòm pou travay avèk li?
 - Kisa ou pi admire nan moun sa a?
- Dekri an detay kisa ki fè moun sa fe diferans.



Soumèt nominasyon anvan dat limit:

8 Mas, 2019



Dejene avek Nomine yo se yon moman espesyal kote kandida yo pral konnen yonn ak lòt e rekonet pa ansyen lidè yo nan Harvard Medical School, Harvard School of Dental Medicine epi Harvard T.H. Chan School of Public Health.



Kòman yo seleksyone Ewo Harvard yo?

- Yon Komite seleksyon fèt avek emplawye nan tout twa lekòl yo, pifò ladan yo se ansyen Ewo Harvard.
- Komite seleksyon an pa wè non yo, tit travay yo, depatman ou nenpot lòt enfòmasyon ki ka idantifye moun yo nomine yo. Yo chwazi Ewo Harvard daprè deskripsyon kontribisyon moun nan.
- Se poutèt sa li enpòtan anpil pou dekri byen kle ke posib sak fè moun ou nomine a eksepsyonel!



Nan douzèn moun ki nomine yo, yon komite seleksyon dwe chwazi:

- 1 Ewo nan Harvard School of Dental Medicine
- 4 Ewo nan Harvard T.H. Chan School of Public Health
- 7 Ewo nan Harvard Medical School



Depi ke 12 Ewo nan Harvard Longwood Campus yo finn seleksyone, Andrea Moreira ap enfòmè chak manadjè Ewo yo.

Ewo a ap aprann o sijè de onè sa a nan yon reyinyon en a en avèk manadjè yo oswa pafwa plis kòlèg ka patisipe.

Nou fè tout sa-n kapab pou nou fè li yon sipriz pou Ewo an!



HARVARD *heroes*



Nan tout Inivèsite a Selebrasyon pou Ewo Harvard la ap òganize pa Prezidan Bacow nan Cambridge 13 Jen, 2019. Tout moun byenveni pou patisipe ak selebre moun yap Onore yo nan Harvard Longwood Campus la!